

WE ARE YOUR DOL



Department
of Labor

SALÈ MINIMÒM POU TRAVAYÈ FAST FOOD YO

Apati 1ye jiyè 2021

\$15.00 TOUPATOU NAN ETA A

Apati 1ye jiyè 2021, tout travayè fast food nan Eta New York dwe fè omwen \$15.00 pa èdtan.

KISA YON ETABLISMAN FAST FOOD YE?

Yon etablisman fast food se nenpòt biznis ki satisfè kritè sa yo:

- Sèvi esansyèlman manje oswa bwason, ki gen ladan boutik kafe, ba ji, boutik donut, ak salon krèm glase yo
- Ofri sèvis limite, kote kliyan kòmande ak peye anvan yo manje, ki gen ladan restoran ak tab men san sèvis konplè, ak kote ki bay sèlman sèvis pou anbwate.
- Se yon pati nan yon chèn 30 lokal oswa plis, ki gen ladan etablisman endividyèl ki asosye ak yon mak ki gen 30 lokal oswa plis nan nivo nasyonal

EGZANP

Men kèk egzanzp etablisman fast food Ben & Jerry's, Chipotle, Dunkin Donuts, Golden Krust Caribbean Bakery and Grill, Jamba Juice, KFC, McDonald's, Nathan's Famous, Pizza Hut, Quiznos, Shake Shack, Starbucks, Subway, Taco Bell, Tim Hortons, Uno Pizzeria & Grill, Wendy's, ak White Castle.

Pou plis enfòmasyon sou definisyon yon etablisman fast food ak sa yo konsidere kòm yon chèn, tanpri konsilte Règleman Endistri Ospitalite (Hospitality Industry Regulations) ki disponib nan <https://dol.ny.gov/hospitality-industry-wage-order-cr-146>.

KESYON YO POZE PI SOUVAN

KI KALITE TRAVAYÈ SALÈ MINIMÒM SA A AFEKTE?

Chanjman sa a afekte tout moun k ap travay nan yon chèn fast food ki reponn ak kritè ki dekri yo. Sa aplike sou travayè ki prepare manje yo, sekirite nan travay, etajè estòk, netwayaj, ak sa k ap fè lòt travay.

ÈSKE KREDI POU REPA AK TO RANBOUSMAN INIFÒM POU ANTRETYEN DIFERAN POU TRAVAYÈ FAST FOOD AK POU LÒT TRAVAYÈ ENDISTRI OSPITALITE?

Non, to sa yo menm pou ni travayè fast food ak ospitalite.

E TO PÈMAN POU APÈL AK REPATISYON LÈ YO?

Travayè fast food yo koube anba kondisyon pou apèl ak pèman èdtan yo nan to salè minimòm ki aplikab pou travayè Fast Food yo.

ÈSKE TRAVAYÈ FAST FOOD YO KALIFYE POU LÈ ANPLIS?

Wi, yo dwe peye travayè fast food yo mwatye pousantaj pèman regilye a pou tout èdtan travay ki depase 40 pa semèn.

POU PLIS ENFÒMASYON

Si ou bezwen asistans adisyonèl, oswa si ou vle pote yon plent, tanpri rele: **1-888-4NYSDOL (1-888-469-7365)** oswa Vizite: www.labor.ny.gov/minimumwage.